

Divizyon enstriksyon espesyalize ak sipò pou elèv Gid resous pou fanmi sou ASD



Pwogram twoub otis (*Autism Spectrum Disorder, ASD*)

Pwogram Nest ASD a ak pwogram ASD Horizon se de pwogram edikasyon espesyal differan nan lekòl distri 1-32 ki sèvi kèk elèv ki gen otis. Chak pwogram travay pou ranfòse aptitud akademik ak sosyal, men yon gen kritè elijiblite differan epi yo gen elèv nan differan tip klas. Se menm pwosesis aplikasyon an yo itilize pou ni pwogram ASD Nest ni pwogram ASD Horizon.

REZIME PWOGGRAM ASD – ASD Nest	REZIME PWOGGRAM ASD – ASD Horizon
Se NYCDOE ak New York University's (NYU) ASD Nest Support Project k ap sipòte pwogram ASD Nest .	Se NYCDOE ki te devlope pwogram ASD Horizon an. Òganizasyon Rethink Ed Platform Solutions bay enstriksyon ak materyèl pedagojik.
ESTRIKTI KLAS LA	ESTRIKTI KLAS LA
Pwogram ASD Nest sèvi elèv ki gen otis nan yon salklas ki gen elèv edikasyon jeneral. Klas sa a se yon tiklas entegre ki gen pwofesè k ap kolabore (Integrated Co-Teaching, ICT), avèk yon pwofesè edikasyon espesyal ak yon pwofesè edikasyon jeneral. Lè elèv yo ap vin pi gran, kantite elèv nan yon salklas vin pi plis. Pa gen parapwofesyonèl nan salklas nan modèl sa a.	TPwogram ASD Horizon gen yon maksimòm uit (8) ki gen otis nan yon klas espesyal. Se yon pwofesè edikasyon espesyal ak yon parapwofesyonèl ki anseye klas sa a (8:1+1). Nou ankouraje opòtinite pou enklizyon avèk elèv edikasyon jeneral.
KOURIKOULÒM AK ENSTRIKSYON	KOURIKOULÒM AK ENSTRIKSYON
Kou pwogram ASD Nest suiv menm Nòm aprantisaj eta Nouyòk ak menm kourikoulòm yo itilize nan tout lekòl NYCDOE. Pwofesè ASD Nest resevwa trening nan estrateji ansèyman espesyalize pou elèv ki gen otis, tankou yon kourikoulòm sosyal espesyal yo rele Entèvansyon Devlopman Sosyal (Social Development Intervention, SDI) ke NYU kreye. SDI se yon pwogram ki baze sou prèv ki sipòte devlopman sosyal/emosynèl elèv ki gen ASD Nest. Yo anseye SDI an tigwoup epi yo ranfòse l pandan tout jounen.	Kou pwogram Horizon suiv menm Nòm aprantisaj eta Nouyòk ak menm kourikoulòm yo itilize nan tout lekòl NYCDOE. Pwofesè ASD Horizon jwenn trening estrateji espesyal pou elèv ki gen otis. Rethink Ed Platform Solutions ofri sipò ki gen materyèk pedagojik ki baze sou evidans, ki baze sou prensip Analiz konpòtman aplike (Applied Behavior Analysis, ABA). Materyèl sa yo ede devlòpman akademik ak edvlòpman sosyo-emosyonèl elèv ASD Horizon.
SIPÒ SOSYAL/EMOSYONÈL	SIPÒ SOSYAL/EMOSYONÈL
Founisè sèvis ki pou ede avèk andikap la (Related Services) itilize SDI pou ede elèv amelyore fonksònman sosyal. Yo anseye kourikoulòm langaj sosyal sa a an ti gwoup.	Founisè sèvis pou ede avèk andikap la (Related Services) travay ansanm avèk pwofesè lè yo itilize lesон Rethink pou abòde difikilte komunikasyon ak sosyalizasyon elèv ASD Horizon.

Divizyon enstriksyon espesyalize ak sipò pou elèv

Gid resous pou fanmi sou ASD

PWOFIL ELEV KI GEN ASD ASD Nest	PWOFIL ELEV KI GEN ASD ASD HORIZON
Elèv yo aksepte nan pwogram ASD Nest dwe satisfè kritè sa yo:	Elèv yo aksepte nan pwogram ASD Nest dwe satisfè kritè sa yo:
KLASIFIKASYON	KLASIFIKASYON
Elèv yo dwe elijib pou yon klasifikasyon Autism andikap nan edikasyon.	Elèv yo dwe elijib pou yon klasifikasyon Autism andikap nan edikasyon.
KONESANS/ENTELIJANS	KONESANS/ENTELIJANS
Elèv ASD Nest gen entelijans mwayen rive pi wo mwayen avèk fòmasyon konsistan tankou abilité vèbal ak non-vèbal, travay memwa, langaj ak atansyon.	Jeneralman elèv ASD Horizon gen entelijan pi ba mwayen rive mwayen avèk domèn fòs ak feblès.
PWOGRÈ	PWOGRÈ
Elèv ASD Nest gen abilité akademiknan nivo oswa pi wo nivo klas yo. Elèv yo kapab travay poukонт yo ak an tigwoup, avèk ti sipò tou piti. Elèv yo patisipe nan evalyasyon ofisyèl tankou egzamen ofisyèl Matematik ak konpozisyon anglè (English Language Arts, ELA) eta Nouyòk. Nou bay akomodasyon dapre jan yo di I nan IEP elèv la.	Elèv ASD Horizon gen abilité akademik nan nivo oswa tou pre nivo klas yo. Elèv yo benefise nan enstriksyon ki baze sou prensip ABA epi yo ka travay poukонт yo avèk kèk nouvo eksplikasyon ak kèk sipò. Elèv yo patisipe nan evalyasyon ofisyèl tankou egzamen ofisyèl Matematik ak konpozisyon anglè (English Language Arts, ELA) eta Nouyòk. Nou bay akomodasyon dapre jan yo di I nan IEP elèv la.
LANGAJ/ KOMINIKASYON	LANGAJ/ KOMINIKASYON
Elèv ASD Nest gen abilité langaj nan nivo oswa tou pre nivo laj yo, eksepte nan langaj sosyal. Aptitud sa yo gen ladan rete nan yon sijè, ak itilize jès non-vèbal, repons, ekspresyon vizaj ki apwopriye sou plan sosyal. Paegzanp, elèv ASD Nest ka gen difikilte ki ka gen repons ki etranj ak/oswa ki ka mal entèprete deklarasyon ak/oswa konpòtman lòt moun.	Elèv ASD Horizon kapab genyen ti difikilte langaj. Yo ka gen difikilte pou eksprime tèt yo ak pou konprann kisa lòt moun ap di. Yo ka gen difikilte tou avèk langaj sosyal. Elèv k ap antre nan kindergarten ka pale nan omwen 2-3 mo, fraz ki fè sans epi elèv ki pi gran yo ka ranje mo ansamm pou eksprime bezwen ak volonte yo men yo bezwen sipò pou kominike avèk efikasite nan sitiyasyon sosyal.
FONKSYONMAN SOSYAL	FONKSYONMAN SOSYAL
Elèv ASD Nest gen ti reta sosyal. Elèv ASD Nest kapab demonstre difikilte pou gen entèksyon ak/oswa jwe avèk kamarad yo oswa adilt, pou jere chanjman nan woutin, ak pou suiv ak kontwole pwòp emosyon yo.	Elèv ASD Horizon kapab genyen ti reta pou jwe ak gen entèaksyon avèk lòt elèv. Elèv yo ka patisipe nan aktivite sosyal men souvan yo prefere angaje nan aktivite y ap fè poukонт yo.
KONPÒTMAN	KONPÒTMAN
Elèv ASD Nest ka gen ti difikilte nan konpòtman men yo pa agresif onivo fizik, yo pa angaje nan konpòtman ki ka fè tèt yo mal epi yo pa montre "konpòtman pou sove" tankou sove kite estaf la oswa kite salklas la oswa biling lekòl la.	Elèv ASD Horizon kapab genyen ti difikilte konpòtman. Yo pa agresif sou plan fizik, epi yo pa angaje yo nan konpòtman ki ka fè tèt yo mal. Elèv ASD Horizon pa montre "konpòtman pou sove" tankou sove kite estaf la oswa kite salklas la oswa biling lekòl la..

Divizyon enstriksyon espesyalize ak sipò pou elèv Gid resous pou fanmi sou ASD

PWOESIS ADMISYON NAN PWOGGRAM ASD

- Voye yon Aplikasyon:** Si w ta renmen aplike pou pwogram ASD Nest oswa pwogram ASD Horizon ou ka voye yon aplikasyon nenpòt lè.

Si pitit ou a ap antre nan kindergarten ane pwochen, nou rekòmande w pou fè nou konnen pi vit posib. Si pitit ou a nan klas K-12yèm ane kounye a, travay avèk ekip IEP li a pou ranpli aplikasyon an ak voye l ale. Ekip IEP ou a ka fè tout evalyasyon ki nesesè pou pwoesisis aplikasyon an.

- Travay dirèkteman ak ekip IEP pitit ou a pou ranpli ak soumèt aplikasyon an.
 - Si pitit ou a prale nan kindergarten, voye aplikasyon ASD a byen bonè depi nan ane preskolè li.
 - Elèv kindergarten sipoze patisipe nan [pwoesisis enskripsyon kindergarten](#) jeneral la.
 - Nan klas, 1ye-12yèm ane, voye apliksyon ASD a nenpòt lè.
- Oumenm ak lekòl pitit ou a ye kounye a ka voye aplikasyon ou fin ranpli a:
 - Imèl: ASDPrograms@schools.nyc.gov (yo prefere l plis)
 - faks: (718) 391-6887

Ale sou [Paj entènèt pwogram espesyalize yo](#) sou sit wèb DOE a pou download ak enprime aplikasyon pwogram ASD a.

- Konfirmasyon aplikasyon:** Apre nou fin resewva aplikasyon w lan, n ap voye yon lèt ba ou pou fè w konnen nou resewva l. Lè w voye yon aplikasyon, n ap kontakte tou ekip IEP pitit ou a pou diskite enfòmasyon ou bay sou aplikasyon an ak pou poze tout kesyon pou swivi.

- Si w pa pran nouvèl ekip pwogram santral ASD a nan yon semèn apre ou fin voye aplikasyon, tanpri kontakte ASDPrograms@schools.nyc.gov oswa rele nan 718-391-6830.

- Premye evalyasyon pou yo pwogram ASD:** Ekip pwogram ASD santral la gade dosye edikasyon espesyal pitit ou a. N ap gade si tès yo ajou epi n ap bay tout enfòmasyon sou abilité entelekyèl pitit ou a, sou aptitud sosyal, langaj konpòtman, akademik ak adaptif li nou mande. Anplis, nou asire nou pitit ou a satisfè kondisyon pou yon klasifikasyon autism nan edikasyon nan IEP l.

- Evalyasyon ki ajou:** Si ekip santral pwogram ASD a bezwen plis enfòmasyon sou pitit ou a oswa si evalyasyon yo pa ajou, n ap mande ekip IEP pitit ou a pou l jwenn konsantman w pou fè nenpòt lòt evalyasyon. W ap resewva yon lèt ki soti nan DOE k ap mande w pou bay konsantman w.
- Lòt enfòmasyon:** Fanmi yo ka soumèt tou materyèl pou lòt evalyasyon yo pou ekip santral pwogram ASD a evalye. Materyèl ki gen lòt enfòmasyon pa ta dwe gen plis pase yon lane pou aplikan ki nan klas preK-5yèm ane ak pa plis pase de ane pou aplikan ki nan klas 6yèm-12yèm ane.

- Pwoesisis admisyon nan pwogram ASD ak Kalandriye:** Si enfòmasyon ou bay pandan premye evalyasyon an montre pitit ou a ka yon kandida pou swa pwogram ASD Nest swa pwogram ASD Horizon, yon manm ekip santral pwogram ASD pral travay nan kolaborasyon avèk ou ak ekip IEP pitit ou a pou pwogramme yon sesyon obèvasyon. DOE ka fè tou lòt evalyasyon, si sa nesesè epi l ap mande w pou konsantman w. DOE mennen Orè obsèvasyon dyagnostik otis (*Autism Diagnostic Observation Schedule*, ADOS) pou timoun ki ka elijib pou pwogram ASD Nest. N ap mande w konsantman pou evalyasyon sa a.

Apre premye evalyasyon an, Ekip santral pwogram ASD a pral kontakte w pou pwochen etap y ap pran nan pwoesisis admisyon pitit ou a nan pwogram ASD. Si enfòmasyon klinik pitit ou a montre li:

- Ta ka yon bon kandida pou yon pwogram ASD:** Yon manm ekip santral pwogram ASD ap kontakte oumenm ak lekòl pitit ou a pou evalye enfòmasyon yo ak diskite pwochen etap nan pwoesisis la.
- Pa satisfè kondisyon admisyon yo:** Ekip IEP pitit ou a pral travay avèk ou pou detèmine yon pwogram edikasyon espesyal ki apwopriye ak/oswa sèvis y ap rekòmande pou satisfè bezwen pitit ou a. Ou ka soumèt yon nouvo aplikasyon pou pwogram ASD nan yon lòt dat si gen nouvo enfòmasyon sou pitit ou a ta vin disponib.

- Obsèvasyon Pwoesisis admisyon nan pwogram ASD:** Si premye evalyasyon an montre pitit ou a ta satisfè omwen kèk nan kondisyon elijiblité yo, yon lekòl pwogram ASD oswa yon manm Ekip santral ASD a ap pwogramme yon obsèvasyon, nan espas kat semèn. Ekip ASD santral la ap revize rapò obsèvasyon pitit ou a ak si pitit ou a satisfè kritè admisyon yo

Divizyon enstriksyon espesyalize ak sipò pou elèv Gid resous pou fanmi sou ASD

ak si gen plas disponib, y ap ofri l'yon plas. Oumenm ak lekòl pitit oua ap resevwa yon kopi rapò obsèvasyon ekri a epi ekip santral ASD a ap kontakte w pou diskite rezulta yo.

6. **Desizyon admisyon:** Yon desizyon sou admisyon baze sou enfòmasyon ak done nan evalyasyon sikoedikatif pitit ou a, nan tès dyagnostik autism, obsèvasyon, ak nan nenpòt lòt enfòmasyon ou te bay. Ekip santral pwogram ASD a pral diskite si pitit ou a satisfè kondisyon admisyon yo pou yon pwogram ASD Nest oswa pwogram ASD Horizon avèk oumenm ak ekip IEP pitit ou a. Depi yo fin aksepte yon elèv nan yon pwogram ASD, Ekip IEP pitit ou a ansanm ak ekip santral pwogram ASD a ap devlope yon IEP pou li.
7. **Vizite yon pwogram ASD:** Si yo aksepte pitit ou a nan yon pwogram ASD, ekip IEP li a ap ekri IEP pitit ou a avèk konsèy ekip pwogram ASD santral la. Piske pa gen pwogram ASD nan tout lekòl, epi plas yo limite, yo voye aplikasyon yo nan lekòl espesifik. Nou pa ka akomode demand pou yon lekòl byen presi. Lekòl ki gen pwogram ASD a ap kontakte fanmi elèv yo aksepte a pou fè aranjman pou vizite lekòl la ak pou enskri nan lekòl la.

ENFÒMASYON POU ELÈV YO AKSEPTÉ NAN PWOGRAM ASD

Fanmi elèv yo fèk aksepte yo pral resevwa yon premye avi alekri *Prior Written Notice* (PWN) ak yon lèt sou kote lekòl la ye *School Location Letter* (SLL) apre reyinyon IEP a. SLL la ap presize lekòl pitit ou a prale a. Lè yo fin resevwa lèt SLL la, fanmi elèv yo aksepte yo ta dwe pote dokiman yo bezwen pou enskri pitit yo nan lekòl la pi vit posib¹. Li enpòtan pou enskri nan lekòl ki gen pwogram ASD a pi vit posib pou pa gen reta nan transpòtasyon sa a, si li nan IEP a.

- **Mwayen transpò:** Yo bay [mwayen transpò edikasyon espesyal](#) pou ale-retou lekòl. Travay avèk ekip IEP w la pou resevwa mwayen transpò edikasyon espesyal kòm yon sèvis IEP. Bezwen pou akomodasyon nan transpò espesyal tankou tan trajè limite oswa yon machin ki gen tanperati ki kontwole dwe gen dokiman medikal ki sipòte l.
- **Pwogram ete ASD:** Pwogram ASD Nest ak pwogram ASD Horizon swiv kalandriye lekòl 10 mwa distri 1-32 apati septanm rive jen. NYC DOE yon pwogram an ete ki pa obligatwa pou elèv pwogram ASD nan kindergarten rive klas 5yèm ane, ak pou sa k ap antre klas 9yèm ane. Objektif pwogram ete a se pou ankouraje pou kontinye avèk devlòpman sosyal.

Gen yon manm ekip santral pwogram ASD a ki pral travay nan kolaborasyon avèk ekip IEP pitit ou a epi li pral kontakte souvan konsènan aplikasyon pitit ou a.